

Nimewo 4

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **Deklare yon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York**

**KONSIDERE KE**, mank aktyèl nan pèsònèl nan lopital ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte disponiblite swen, menase sante piblik ak sekirite;

**KONSIDERE KE**, gwo mank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

**KONSIDERE KE**, gen yon nesosite imedyà ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN**, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, konfòmman ak Seksyon 28 Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf pandye nan New York, kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa, epi mwen deklare ak dokiman sa a yon ijans poutèt katastwòf nan tout Eta a pou tout Eta New York la nèt. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè pou trant jou apai dat Dekrè Egzekitif sa a; epi

**ANPLIS**, konfòmman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) epi m otorize tout ajans Eta ki nesèsè yo pou yo pran mezi apwopriye pou ede gouvènman lokal yo ak moun yo nan pwoteksyon sante, byennèt ak sekirite piblik.

**ANPLIS DE SA**, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jis nan dat 27 oktòb 2021, sa ki annapre yo:

- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6524 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 60 nan Tit 8 NYCRR la, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou yo egzèsè medsin nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank akreditasyon yo ak pou otorize doktè ki lisansye yo epi ki an règ aktyèlman nan nenpòt pwovens oswa teritwa Kanada oswa nenpòt lòt konte jan Depatman Sante a apwouve sa pou pratike medsin nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 6502 nan Lwa sou Edikasyon ak Seksyon 59.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye ak ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistremman an;

- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6905, 6906 ak 6910 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law) ak Pati 64 nan Tit 8 nan Kòd Règ ak Règleman New York yo (New York Code of Rules and Regulations, NYCRR), nan mezi sa nesèsè pou pèmèt enfimye ki anrejistre, enfimye pratikan ki lisansye, enfimye pwofesyonèl ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou pratike nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank lisans, epi pou pèmèt enfimye ki anrejistre, enfimye pratikan ki lisansye ak enfimye pwofesyonèl yo oswa ki gen yon tit ki vrèman similè ki lisansye epi ki an règ nan pwovens oswa teritwa Kanada oswa nenpòt lòt peyi, jan Depatman Sante apwouve, pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6541 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 60.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou yo egzèsè medsin nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo ak pou otorize doktè asistan oswa yon tit ki trè similè ki lisansye epi ki an règ aktyèlman nan nenpòt pwovens oswa teritwa Kanada oswa nenpòt lòt konte jan Depatman Sante a apwouve sa pou pratike medsin nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 3502 ak 3505 nan Lwa sou Sante Piblik ak Pati 89 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknològ an radyoloji ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 8502, 8504, 8504-a, 8505 ak 8507 nan Lwa sou Edikasyon (Education Law) an ak Soupati 78-4 nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknològ an radyoloji ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6512 rive nan 6516 ak 8510 nan Lwa sou Edikasyon an ak Soupati 79-4 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt teknisyen terapi respiratwa ki akredite epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans akreditasyon yo;
- Seksyon 6502 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 59.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt asistan medikal yo, enfimye pwofesyonèl anrejistre, enfimye pratikan ki lisansye ak pwofesyonèl enfimye ki lisansye epi ki an règ aktyèlman nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl i gen rapò ak mank anrejistreman, ak pou otorize asistan espesyalis, terapet respiratwa, teknisyen terapet respiratwa, famasyon, espesyalis enfimye klinik, dantis, ijyenis dantè, asistan dantè pwofesyonèl, fanm saj, pèfisyonis, teknològ laboratwa klinik, sitoteknoloj, teknisyen laboratwa klinik ki sètifye yo, teknisyen istolojik ki sètifye yo, travayè sosyal klinik ki lisansye yo, travayè sosyal siperyè ki lisansye yo, podològ, terapet fizik, asistan terapet fizik, konseye sante mantal, terapet pou maryaj ak fanmi yo, terapet èv atistik kreyatif, sikoanalis ak sikològ yo ki gen yon lisans ki disponib epi ki aktyèlman an règ eta nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 6951, 6952, 6953, ak 6955 nan Lwa sou Edikasyon an, nan mezi sa nesèsè pou otorize fanm saj ki gen lisans e ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini, oswa nan nenpòt pwovens oswa teritwa nan Kanada oswa nenpòt lòt peyi jan Depatman Sante a apwouve sa pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 3507 nan Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) a k Pati 89 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknològ an radyoloji ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6512 jiska 6516, 6548 ak 6911 nan Lwa sou Edikasyon an ak Seksyon 60.11 ak 64.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt espesyalis enfimye klinik, asistan espesyalis, ak moun ki gen yon tit ki vrèman similè ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini, oswa nan nenpòt pwovens oswa teritwa Kanada, oswa nan nenpòt lòt peyi Depatman Sante a apwouve pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 6512 jiska 6516 ak 7704 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 74 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt travayè sosyal siperyè ki lisansye, travayè sosyal klinik ki lisansye, ak moun ki gen yon tit ki vrèman similè ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini, oswa nan nenpòt pwovens oswa teritwa Kanada, oswa nan nenpòt lòt peyi Depatman Sante a apwouve pou yo egzèsè nan Eta New York san sanksyon sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak mank akreditasyon yo;
- Seksyon 6908 nan Lwa sou Edikasyon an ak règleman ki asosye ak li yo, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun ki gradye nan pwogram lisans edikasyon enfimye pwofesyonèl ki kalifye yo epi ki akredite pa

Depatman Edikasyon Eta a jwenn travay pou ka egzèse kòm enfimyè nan yon lopital oswa mezon retrèt pandan 180 jou imedyatman apre yo rive konplete yon pwogram lisans edikasyon ki kalifye epi ki akredite nan Eta New York, a kondisyon ke moun ki gradye a ranpli yon aplikasyon nan Depatman Edikasyon Eta a pou jwenn sètifikasyon kòm yon enfimyè pwofesyonèl;

- Seksyon 8609 nan Lwa sou Edikasyon an ak règleman ki asosye ak li yo, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun ki gradye nan pwogram lisans edikasyon teknoloji laboratwa klinik ak teknisyen teknoloji laboratwa klinik ki kalifye yo epi ki akredite pa Depatman Edikasyon Eta a jwenn travay pou ka egzèse pandan 180 jou imedyatman apre yo rive konplete yon pwogram lisans edikasyon ki kalifye epi ki akredite nan Eta New York, nan yon laboratwa klinik ki gen yon pèmi Eta New York ki valid, a kondisyon ke moun ki gradye a ranpli yon aplikasyon pou yon pèmi limite ak lisans pwofesyonèl laboratwa klinik Eta New York;
- Sou-divizyon 5 nan Seksyon 6907 nan Lwa sou Edikasyon an ak règleman ki asosye avè l yo, nan mezi sa nesèsè pou otorize moun ki diplome yo nan pwogram edikasyon kalifye ki bay pèmi pou enfimyè pwofesyonèl ak pou enfimyè oksilyè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) otorize pou yo anplwaye yo pou pratike syans enfimyè sou sipèvizyon yon enfimyè pwofesyonèl otorize epi avèk apwobasyon lopital oswa kay retrèt anplwayè a pandan 180 jou touswit apre gradyasyon;
- Seksyon 6524 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), seksyon 60.7 nan tit 8 NYRR lan ak paragaf seksyon (1) nan soudivizyon (g) 405.4 nan tit 10 nan NYCRR lan nan tout anplè ki nesèsè pou kapab pèmèt nenpòt doktè ki pral gradye an 2021 oswa 2022 nan yon pwogram medikal akademik ki akredite pa yon ajans akreditasyon pou edikasyon medikal pa Komite Lyezon sou Edikasyon Medikal la (Liaison Committee on Medical Education) oswa Asosiyasyon Osteopatik Amerikèn nan (American Osteopathic Association), epi ki te aksepte pa yon pwogram rezidans ki akredite pa Konsèy Akreditasyon pou Edikasyon Medikal Lisansye (Accreditation Council for Graduate Medical Education) nan oswa deyò Eta New York pou yo ka travay nan nenpòt enstitisyon anba sipèvizyon yon doktè ki gen lisans;
- Seksyon 6512 rive 6516, ak 6524 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 60 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun, ki te gradye nan pwogram medikal ki anrejistre epi akredite nan Eta New York yo an 2021, egzèse medsin nan Eta New York, san nesèsite pou yo jwenn yon lisans epi san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans akreditasyon yo, a kondisyon ke moun ki gradye ki ap egzèse medsin sa yo ta dwe nan tout ka yo anba sipèvizyon yon doktè ki akredite epi ki anrejistre pou ka egzèse medsin nan Eta New York;
- Seksyon 212 Lwa sou Retrèt ak Sekirite Sosyal la (Retirement and Social Security Law), nan bi inyore tout revni ki touche pandan peryòd ijans la nan limitasyon sou salè an yo kalkile dapre seksyon sa a;
- Seksyon 2805-k Lwa sou Sante Piblik ak seksyon 405.4, 405.5, 405.9, 405.14, 405.19, ak 405.22 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt anplwaye ki gen konpetans pwofesyonèl nesèsè epi ki gen privilèj ak kalifikasyon pou yo travay nan yon etablisman an konfòmite avèk seksyon sa a nan Lwa sou Sante Piblik ak seksyon sa yo nan NYCRR la, oswa ki gen privilèj ak kalifikasyon pou travay nan yon etablisman nan yon lòt eta an konfòmite avèk lwa ak règleman ki aplikab nan lòt eta sa a, pou egzèse nan yon etablisman nan Eta New York;
- Seksyon 30 Lwa sou Sante Piblik la ak nan mezi sa nesèsè pou pèmèt EMT (Teknisyen Ijans Medikal) ak EMT Avanse yo bay sèvis emèjan epi ki pa emèjan nan anplè egzèsis yo odela anviwònman ki aktyèlman otorize yo, tankou lopital yo;
- Sou-divizyon d ak u seksyon 800.3 Tit 10 nan NYCRR, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt pèsònèl sèvis medikal dijans la ofri sèvis paramedikal kominotè, itilize lòt destinasyon, telemedsin pou fasilite tretman pasyan an plas, ak lòt sèvis konsa jan Komisè Sante a gendwa apwouve sa;
- Sou-divizyon (7) Lwa sou Sante Piblik la nan seksyon 3001 an, ak soudivizyon (p) nan seksyon 800.3 Tit 10 NYCRR la, nan mezi sa nesèsè pou otorize teknisyen swen medikal ijans sètifye-anbilansye yo, k ap bay sèvis paramedikal nan kominote a annakò ak Depatman Sante a, pou yo administre vaksen kont grip (influenza) la ak vaksen kont COVID-19 annakò ak yon òdonans ki presi pou non pasyan epi sou direksyon medikal yon doktè lisansye, sou kondisyon, sepandan, teknisyen medikal ijans-anbilansye a dwe satisfè kondisyon Komisè Sante a etabli.
- Seksyon 6951 Lwa sou Edikasyon an, ak seksyon 79-5.5 Tit 8 NYCRR la, nan mezi dispozisyon sa yo limite pratik fanm saj a jesyon gwosès nòmalye yo, akouchman yo ak swen apre akouchman yo ansanm ak swen sante repwodiktif prevantif jeneral pou fanm ki sanse an sante yo, ak evalyasyon tibebe ki fenk fèt, reanimasyon ak referans pou tibebe yo, epi nan mezi sa limite pratik fanm saj yo a fanm saj ki pratike annakò ak relasyon kolaborativ yo genyen ak doktè otorize yo oswa ak lopital yo, kidonk pou rezon ijans katastwòf sa a, fanm saj

yo ka administre vaksinasyon kont influenza ak COVID-19 pou nenpòt pasyan konfòmman ak yon dekrè espesifik pou non pasyan nan sit Dpatman Sante Eta New York oswa departman sante lokal yo apwouve epi ki fonksyone anba sipèvizyon medikal doktè lisansye, asistan doktè lisansye oswa pwofesyonèl enfimye sètifye, sou kondisyon, sepandan, yon fanm saj ki san yon sètifika Departman Edikasyon Sante Eta a te emèt pou administre ajan iminizasyon yo, dwe satisfè kondisyon Komisè Sante a defini;

- Atik 139 nan Lwa sou Edikasyon, nan Seksyon 576-b nan Lwa sou Sante Piblik ak Seksyon 58-1.7 nan Tit 10 NYCRR la, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt enfimye ki anrejistre bay lòd pou koleksyon echantiyon nan gòj oswa prelevman nazofarenje ki soti nan moun ke yo sispèk ki te enfekte avèk COVID-19 la, pou rezon tè;
- Sou-divizyon 1 seksyon 6902, sou-divizyon 4, 5 ak 7 seksyon 6909 Lwa sou Edikasyon an, sou-divizyon 6 ak 7 seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an, ak seksyon 63.9 ak 64.7 Tit 8 nan NYCRR, la nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè yo ak enfimye pratisyen sètifye yo pou yo soti yon rejim ki pa pou yon pasyan an patikilye pou enfimye ak tout lòt moun konsa lalwa oswa dekrè egzekitif sa a otorize pou yo (1) pran echantiyon ak aplikatè nan gòj oswa nazofarenje sou moun yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19, nan objektif fè tè, oswa pou fè lòt travay ki gen dwa nesèsè pou ofri swen bay moun yo dyagnostike oswa yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19; (2) preleve echantiyon san pou dyagnostike maladi COVID-19 grav oswa pase; (3) administre vaksen kont grip oswa kont COVID-19 anakò ak rekòmandasyon ki pi resan Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon (Advisory Committee for Immunization Practices, ACIP) an, ak/oswa yon apwobasyon oswa yon Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans (Emergency Use Authorization, EUA) Ajans Kontwòl Pwodui Alimantè ak Medikaman Etazini an bay, ki sijè a nenpòt lòt kondisyon Dekrè sa a preskri, ki gen ladan men pa sèlman kondisyon ki gen rapò ak fòmasyon ak sipèvizyon, kote sa aplikab; epi (4) kote sa aplikab ak nan mezi sa nesèsè, pou yo fè travay yo, sou sipèvizyon yon enfimye/è, nan lòt fason ki limite a chan pratik yon enfimye/è lisansye oswa otorize pou yo bay swen pou moun yo;
- Seksyon 6521 ak 6902 Lwa sou Edikasyon an, sou-divizyon 4, 5 ak 7 seksyon 6909 Lwa sou Edikasyon an, sou-divizyon 6 ak 7 seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an ak seksyon 63.9 ak 64.7 Tit 8 NYCRR la nan mezi li limite aplikasyon rejim medikal yon doktè otorize oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki lisansye oswa ki gen otorizasyon legal pou vin enfimye/è otorize lisansye preskri anakò ak Atik 139 Lwa sou Edikasyon an, nan mezi sa nesèsè pou otorize anplwaye ki pa enfimye/è yo, jan lalwa oswa Dekrè Egzekitif la preskri epi apre yo fin swiv fòmasyon Komisè Sante a jije akseptab, pou yo: (1) preleve echantiyon nan gòj, nen, oswa nazofarenje, jan sa aplikab ak apwopriye, nan moun yo sispèk ke COVID-19 oswa grip la te enfekte yo, pou yo ka fè tè; (2) preleve echantiyon san pou dyagnostike maladi COVID-19 grav oswa pase; (3) administre vaksen kont grip oswa kont COVID-19 anakò ak rekòmandasyon ki pi resan Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon (Advisory Committee for Immunization Practices, ACIP) an, ak/oswa yon apwobasyon oswa yon Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans (Emergency Use Authorization, EUA) Ajans Kontwòl Pwodui Alimantè ak Medikaman Etazini an bay, ki sijè a nenpòt lòt kondisyon Dekrè sa a preskri, ki gen ladan men pa sèlman kondisyon ki gen rapò ak fòmasyon ak sipèvizyon, kote sa aplikab; epi (4) kote sa aplikab ak nan mezi sa nesèsè, pou yo fè travay yo, sou sipèvizyon yon enfimye/è, nan lòt fason ki limite a chan pratik yon enfimye/è lisansye oswa otorize pou yo bay swen pou moun yo;
- Sou-divizyon (b) nan seksyon 405.3 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt lopital jeneral yo sèvi ak volontè ki kalifye oswa pèsònèl ki afilye avèk diferan lopital jeneral yo, dapre tè ak kondisyon ke Komisè Sante a etabli;
- Seksyon 400.9 ak paragaf 7 sou-divizyon h seksyon 405.9 Tit 10 nan NYCRR la nan mezi sa nesèsè pou otorize lopital jeneral yo ak mezon retrèt yo ki gen pèmi konfòmman ak Atik 28 Lwa sou Sante Piblik la k ap trete pasyan pandan ijans poutèt katastwòf la pou yo rapidman egzeyate, transfere, oswa resevwa pasyan sa yo, jan Komisè Sante a otorize li si sa nesèsè akòz mank pèsònèl, depi etablisman sa yo pran tout mezi rezonab pou pwoteje sante ak sekirite pasyan sa yo ak rezidan yo, sa gen ladan pratik transfè ak egzeyat san danje, epi pou respekte Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act) la (42 U.S.C. seksyon 1395dd) ak tout règleman ki asosye avèk li;
- Seksyon 64.7 nan Tit 8 NYCRR la pou elaji pwotokòl enfimye yo te inisyè pou ajoute elektwokadyogram (EKG) pou siy ak sentòm sendwòm kowonè grav, glisemi pou sante mantal ki altere, laboratwa ak liy entravene pou septisemi potansyèl ak tè gwo anvan operasyon pou akselere evalyasyon ak dyagnostik yo;
- Seksyon 415.15 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit sa nesèsè pou pèmèt vizit doktè yo pou rezidan nan mezon retrèt yo fèt atravè telemedsin;
- Seksyon 405.13 ak 755.4 Tit 10 NYCRR nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon enfimye ki anrejistre ak pratik avanse avèk yon doktora oswa yon metriz espesyalize nan administrasyon anestezi pou administre anestezi nan yon lopital jeneral oswa nan sant operasyon anbilatwa otonòm san sipèvizyon yon doktè ki kalifye nan anviwònman swen sante sa yo;

- Seksyon 800.3, 800.8, 800.9, 800.10, 800.12, 800.17, 800.18, 800.23, 800.24, ak 800.26 nan Tit 10 NYCRR la nan limit ki nesèsè pou etann tout sètifika founisè sèvis medikal ki deja egziste pou yon ane; pou pèmèt Komisè Sante a modifiye egzijans egzaminasyon oswa resètifikasyon pou sètifikasyon founisè sèvis medikal ijans yo; pou sispann oswa modifiye, anba diskresyon Komisè Sante a, nenpòt ki egzijans pou resètifikasyon founisè sèvis medikal pou ijans ki sètifiye avan yo; ak, nan diskresyon Komisè Sante a, devlope yon pwosesis ke Depatman Sante a ap detèmine, pou pèmèt nenpòt founisè sèvis ijans medikal ki sètifiye oswa ki gen lisans ki soti nan yon lòt Eta, pou bay sèvis medikal dijans nan eta New York; nan diskresyon Komisè Sante a, pou sispann oswa modifiye egzijans ekipman oswa veyikil yo pou kapab asire dirabilite operasyon EMS yo;
- Sou-divizyon (15) nan seksyon 3001, ak Seksyon 800.3, 800.15 ak 800.16 nan Tit 10 NYCRR avèk apwobasyon Depatman Sante a, nan limit ki nesèsè pou defini “kontwòl medikal” pou enkli tou direksyon ijans ak non ijans pou pèsònèl sèvis medikal ijans yo atravè yon sant kontwòl medikal rejyonal oswa nan eta a epi pou pèmèt pèsònèl sèvis medikal dijans opere anba konsèy ak direksyon yon enfimye pratikan, doktè asistan, oswa paramedikal, depi pwofesyonèl medikal sa a ap bay swen anba sipèvizyon yon doktè epi ki konfòm ak yon plan Depatman Sante a apwouve;
- Seksyon 3001, 3005-a, 3008, ak 3010 nan Lwa sou Sante Piblik nan limit ki nesèsè pou modifiye definisyon "sèvis medikal ijans yo" pou enkli asistans medikal pou ijans, ki non ijans ak akwite ki ba; sèlman pou elimine nenpòt restriksyon sou yon sèvis anbilans apwouve oswa founisè ki opere andeyò teritwa prensipal ki nan lis sètifika operasyon sèvis anbilans sa a ak apwobasyon Depatman Sante a davans; pou pèmèt Komisè Sante bay sètifika founisè sèvis medikal ijans pwovizwa bay moun ki kalifye avèk peryòd sètifika ki modifiye jan yo apwouve li; epi pou pèmèt sèvis medikal ijans yo pou transpòte pasyan yo nan lòt lokal ki pa sant swen sante yo avèk apwobasyon Depatman Sante a davans;
- Seksyon 6502, 6524, 6905, 6906 ak 6910 nan Lwa sou Edikasyon ak Pati 59.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye, enfimye pwofesyonèl ki anrejistre, enfimye pratikan ki lisansye ak enfimye pratisyen ki lisansye pou egzèsè epi ki aktyèlman an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre aktyèlman nan Eta New York pou yo anrejistre ankò atravè itilizasyon yon fòmilè enskripsyon askselere otomatik eta a prepare epi pou anile nen frè enskripsyon pou peryòd enskripsyon triyenal pou patisipan sa yo;
- Paragraf 1 nan seksyon 6542 Lwa sou Edikasyon, Paragraf 1 nan seksyon 6549 Lwa sou Edikasyon, ak Sou-Divizyon (a) ak (b) nan Seksyon 94.2 nan Tit 10 NYCRR nan mezi sa nesèsè pou pèmèt yon asistan doktè ak pou pèmèt yon asistan espesyalis bay sèvis medikal ki apwopriye ak edikasyon, fòmasyon ak eksperyans yo san sipèvizyon yon doktè sipèvizè san sanksyon sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank sipèvizyon yon doktè sipèvizè;
- Sou-divizyon (3) nan seksyon 6902 nan Lwa sou Edikasyon, ak nenpòt règleman ki asosye, ki enkli, men ki pa limite ak Seksyon 64.5 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon enfimye pratikan bay sèvis medikal ki apwopriye ak edikasyon, fòmasyon ak eksperyans li, san yon akò pratik ekri, oswa relasyon kolaborasyon ak yon doktè, san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank akò pratik ekri, oswa relasyon kolaborasyon, ak yon doktè;
- Souparagraf (ii) nan paragraf (2) nan sibdivizyon (g) nan Tit 10 N.Y.C.R.R. la nan seksyon 405.4, nan limit ki nesèsè pou pèmèt etidyan diplome nan lekòl medikal etranje ki gen omwen yon ane nan edikasyon medikal siperyè pou bay pasyan swen nan lopital yo, modifiye nan mezi pou pèmèt etidyan gradye sa yo bay pasyan swen nan lopital yo san lisans si yo konplete omwen yon ane edikasyon medikal siperyè;
- Sou-divizyon 4 seksyon 6909 Lwa sou Edikasyon an, sou-divizyon 6 seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an, ak seksyon 64.7 Tit 8 nan NYCRR, la nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè yo ak enfimye pratisyen sètifiye yo pou yo soti yon rejim ki pa pou yon pasyan an patikilye pou enfimye ak tout lòt moun konsa lalwa oswa dekrè egzekitif sa a otorize pou yo pran echantiyon sou aplikatè nan gòj oswa nan nen sou moun yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19, nan objektif fè tès, oswa pou fè lòt travay ki gen dwa nesèsè pou ofri swen bay moun yo dyagnostike oswa yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19;
- Seksyon 8602 ak 8603 Lwa sou Edikasyon an, ak seksyon 58-1.5 Tit 10 nan NYCRR, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt moun ki respekte kondisyon federal yo pou tès trè konplèks fè tès pou deteksyon SARS-CoV-2 nan echantiyon yo pran sou moun yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19 yo;
- Atik 165 nan Lwa sou Edikasyon an ak seksyon 58-1.3 nan Tit 10 NYCRR la, nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt pwofesyonèl laboratwa klinik yo fè tès yo nan yon laboratwa klinik anba sipèvizyon a distans, a kondisyon ke yon sipèvizè sou plas omwen ywit èdtan pa semèn;

- Sou-divizyon 32 nan seksyon 6530 Lwa sou Edikasyon, Paragraf (3) nan Sou-divizyon (a) nan Seksyon 29.2 nan Tit 8 NYCRR la, ak Seksyon 58-1.11, 405.10 ak 415.22 nan Tit 10 NYCRR la, sèlman nan mezi nesèsè pou pwofesyonèl swen sante yo libere anba egzijans yo nan zafè kenbe dosye, sa gen ladan men pa limite ak asiye kòd dyagnostik oswa kreye oswa kenbe lòt dosye pou rezon bòdwo, san sanksyon sivil oswa kriminel Depatman Sante oswa Depatman Edikasyon Eta a enpoze;
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa annakò ak Atik V, Seksyon 1 Konstitisyon Eta a, epi nan mezi sa nesèsè pou ajoute plis travay, chantye, ak lè nan kontra Eta yo oswa pou akòde kontra dijans, sa gen ladan pami lòt bagay kontra dijans oswa kontra anfèmaj pou deplasman ak soutyen operasyon Eta a dapre seksyon 3 Lwa sou Bilding Piblik (Public Buildings Law) la; oswa kontra dijans dapre Seksyon 9 Lwa sou Bilding Piblik la; oswa kontra dijans pou sèvis pwofesyonèl dapre Seksyon 136-a Lwa sou Finans Eta a; oswa kontra dijans pou pwodui, sèvis, ak teknoloji dapre Seksyon 163 Lwa sou Finans Eta a; oswa kontra dijans pou acha pwodui, sèvis, ak teknoloji pase pa nenpòt ki kontra GSA federal, pwogram 1122 federal, oswa lòt enstriman kontra eta, rejyonal, lokal, jiridiksyon miltip, oswa koperatif;
- Seksyon 163 nan lwa sou Finans Eta a ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik (Economic Development Law) la, nan mezi sa nesèsè pou akselere sèvis, komodite ak teknoloji ki nesèsè yo;
- Seksyon 4903 Lwa sou Asirans ak Seksyon 4903 Lwa sou Sante Piblik la sèlman nan mezi sa nesèsè pou ogmante disponibilite pèsonèl swen sante, sou sètifikasyon lopital nan plan sante a, nan sispann egzijans pou revizyon pre-otorizasyon pou operasyon ki pwograme nan etablisman lopital, admisyon lopital, sèvis lopital pou pasyan ekstèn, sèvis swen sante adomisil apre yon admisyon nan lopital, ak sèvis reyabilitasyon pou pasyan entèn ak pasyan ekstèn apre yon admisyon nan lopital; epi pou sispann revizyon similtane pou sèvis lopital pou pasyan entèn ak pasyan ekstèn; epi pou sispann revizyon retwospektif pou sèvis lopital pasyan entèn ak pasyan ekstèn nan lopital ki nan rezo a; pandan atant Dekrè Egzekitif sa a sèlman; epi
- Sou-seksyon c nan seksyon 4904 Lwa sou Asirans lan, paragraf 1 sou-seksyon b nan seksyon 4914 Lwa sou Asirans lan, sou-divizyon 3 nan seksyon 4904 Lwa sou Sante Piblik la ak paragraf a nan sou-divizyon 2 seksyon 4914 Lwa sou Sante Piblik la, pou chaje delè ki nesèsè pou soumisyon lopital pou yon kontestasyon entèn ak yon kontestasyon ekstèn sèlman nan mezi sa nesèsè pou ogmante kapasite pèsonèl swen sante a pandan atant Dekrè Egzekitif sa a sèlman.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany

nan vennsetyèm jou mwa septanm nan ane de  
mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a